Меркулов А. В. теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. НэгъуэщI лэжьапIэ зэрыкIуэм къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьуэлыкъур щхьэщ1ыхьм **Меркулов Александр Виктор и къуэм.**

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м
№41-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 7, 8 статьяхэм япкъ иткIэ, **унафэ сощI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр зэрыIукIыр хIущIыIу щIын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьалэнхэр пIалъэкIэ игъэзэщIэну и пщэ иIъхьэн Абрэдж Iэдиб Хьэсэнбий и къуэм.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и пщэ иIъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэщ1эр къызэрагъэпэщ1ыхь езым и кьалэнхэр игъэзэщIэну.

4. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м
№42-УП

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэр террорым и бийщ» республикIэпсо зэхьыхь егъэкIуэкIыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2011 гъэм гъатхэпэм и 31-м *№18-РП*

Залымыгъэмэ терроризмэр япэщIэтыным хуэунэтIауэ цIыхубэр зэщIэгъэуIуэн, дин радикализмымрэ экстремизмымрэ жылагъуэм кьэзрамыщIэр кьэгъэльэгъуэн, Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ щыгъэбыдэныкIэ лэжьыпхъэхэр убзыхун мурадкIэ:

1. Налшык къалэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэр терроризм и бийщ» республикIэпсо зэхьыхь щегъэжьагъэкIуэкIын политикэ партхэм, жылагъуэ, дин щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм, организацэхэм, зэщIэхьееныгъэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм, къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм я лЫыкIуэхэр, республикэм и цIыхухэр хэту.

2. Политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, зыхуэфащэ адрей организацэхэм чэнджащ етыж республикIэпсо зэхьыхьэм ягъэкIуэну делегатхэр кьагъэльэгъуну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм хуэгъэувын республикIэпсо зэхьыхьэм зыхуэгъэхьэзырыныкIэ ар егъэкIуэкIынымрэ пыщIа кьыззгъэпэщ1ныгъэ Iуэхуэхэр зэфIигъэкIыну.

4. Мы Унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык щекIуэкIынущ террорым пэщIэтыным теухуа республикIэпсо зэхьхьэшхуэ

2011 гъэм и мэлыжьхьыз мазэм Налшык къалэм щрагъэкIуэкIыну я мурадщ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэр терроризм и бийщ» республикIэпсо зэхьхьэшхуэ. Ар зыхуэунэтIауэ щытынур залымыгъэмрэ терроризмрэ я бий бэнэныгъэм жылагъуэр кьыхуэзщIэгъэуIуэныщ, дин радикализмымрэ экстремизмымрэ цIыхубэм кьызэрамыщIэр кьэгъэльэгъуэныщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ щыгъэбыдэныкIэ зэкIыпIэ тэмэмхэр убзыхуныщ. Мы Iуэхур зэхэубГэныкIэ жэрдэмыр ящызыбГэдэкIар КЪБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсенщ.

Республикэ зэхьхьэшхуэм кьрихьэлIэнущ политикэ партхэм, жылагъуэ, дин, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм, организацэхэм, зэщIэхьееныгъэхэм, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм, къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм я лЫыкIуэхэр.

Республикэм и Iэтащхьэм щыи и Администрацэм и пщэ иритьхьащ республикIэпсо зэхьхьэшхуэм зыхуэгъэхьэзырыным, ар егъэкIуэкIыным пыщIа Iуэхуэхр дигъэкIыну. Политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, адрей организацэхэм чэнджащ ираташ зэхьхьэм кьагъэкIуэну делегатхэр кьыхахыну.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

ЗэфIэкI яIэу

● Хъыбар гуапэ

Налшык, Тырныауз къалэхэм щыщ еджакIуэ гуп иджыблагъэ хэтащ «Наука нефтегазовой отрасли - молодежи России» урысейпсо олимпиадэм. Ди ныбжьыщIэхэм абы зэфIэкI лъытэхэр кьыщагъэлъэгъуащ икIи зэпеуэ зэхуэмыдэхэм япэ увыпIэхэр щызыIэрагъэхьауэ къэкIуэжащ.

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМ я зэфIэкIым щыхагъахъуэ ЕджакIуэхэм щIэныгъэ-техникэ зыуэжыныгъэмкIэ я республикэ центрым. Абы и лэжьакIуэ Тхъэзэплъыж Зерэ зэрыжиIэмкIэ, ди лъахэгъуэ ныбжьыщIэхэр зэпеуэ Урысейм и хэгъэуэту зэхуэмыдэхэм кьыкIа гуп 30-м. «Зэпеуэм и кьызэгъэпэщакIуэхэм нэхъ зытрагъащIэр программированиемрэ информатикэмрэти, абыкIэ ди ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ лъагэ кьагъэльэгъуащ, езыхэм хуэдэхэм куэдкIэ ефIэкIащ», - жиIащ Тхъэзэплъыжым.

9 - 11-нэ классхэм щIэсхэм я деж «Абсолютнэ текIуэныгъэ кьэзыхьа» цIэ лъапIэр щIыхуищ ныбжьыщIащащ. Апхуэдэу лицей №2-м и 9-нэ классым щIэс Бажэ Къантемыр информатикэмкIэ 2-нэ, физикэмрэ математикэмкIэ 3-нэ увыпIэхэр кьихьащ. Гимназие №29-м щеджэ Тохаев Яромир информатикэмкIэ, физикэмрэ математикэмкIэ япэ увыпIэхэр зыIэригъэхьащ. Предмет зэхуэмыдэхэмкIэ екъуэIэныгъэ лъагэхэр иIэу кьэкIуэжащ лицей №2-м и еджакIуэ Шорэн Къантемыри. Абы программированиемкIэ япэ, информатикэмкIэ 2-нэ, физикэмрэ математикэмкIэ 3-нэ увыпIэхэр кьыхуагъафэщащ.

ТекIуэхэр щагъэлъапIэм «Газпром» ВНИИГАЗ ООО-м и унафэщI, зэпеуэр кьызэзыгъэпэща Цыбульский Павел кьыхигъэщащ Бажэ Къантемыр гупсысэкIэ хьэлэмэт зэриIэр икIи абы Швейцариемращ1а сыхьэт тIыпкI кьыхуищIащ.

Апхуэдэу Тырныауз дэт гимназие №5-м и 10-нэ классым щеджэ Колесниченкэ Дмитрий физикэмрэ математикэмкIэ, Налшык и курыт школ №3-м и 11-нэ классым щIэс Мэрем Iанэ информатикэмкIэ 3-нэ увыпIэхэр кьахьащ.

Зэпеуэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ Щэуей Аскэр (Налшык, курыт школ №3, 9-нэ класс), Афэщ1окъуэ Алихан, Этезовэ Мариям (Тырныауз, гимназие №5, 10 - 11-нэ класс) сымы.

ТХЪЭХУЩЫНЭ Ланэ.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№57 (21.965) ● 2011 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 5, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Ди псэлъэгъуэр

Гъащ1эм жыджэру хэшэн

Яхэль жыджэрагъыр, жылагъуэм хуэщхьэпэн Iуэху зэфIагъэкIыну зэрыхъущ1кIыр щыпльагъукIэ, уи жэ кьыпхуегъэкIуркьым апхуэдэ щыхъхэм «ныкьуэдыкъуэкIэ» уеджэну. Я узыншагъэр зэрымыщIагъуэм и мызакъуэу, зыхэпсэукIынкIи тэмэму кьуэсымыгъэпэща щыхъухэм яхэль гукьыдэжыр яхуэтхъумэфыну? Щытхъумэфыну ахэр гудзакъэншэхэм, гууэ-лыуэ зыхэмылъхэм?

А упщIэхэм, нэгъуэщIхэми жуап къариташ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар.

- Уэ къэплъытэрэ ди республикэм щыпсэу ныкьуэдыкьуэхэр зыхуейзыхуэфIхэмкIэ кьызэгъэпэщауэ?

- Урысей Федерацэм и адрей щыналъэ куэдми хуэдэу, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Къэбэрдей-Балъкъэрри абы и лъэныкьуэкIэ зыщытхъужыфынукъым, ауэ а Iуэхур щыIэщ1кIи щ1эдуфэ хьунукъым. Дэ ди кьалэнщ зи гугъу тщIы щыхуэхэм щIэныгъэ зрагъэгъуэтын папщIэ хэкIыпIэ псори кьахуэдэдгъэпэщ1ыну. Абыхэм зыхащIэн хуейщ ди жылагъуэм щыщ дэтхэнэ щ1ыхуми иIэ хуитныныгъэм хуэдабзэ езыхэми зэрэIэр. Ныкьуэдыкьуэхэмрэ узынш1эхэмрэ зэхуэдэ Iэмалхэр зэрамыIэрщ ахэр гугъу езыгъэхьыр. Мис ар гъэкIуэдыныщ псом япэу зытелэжьапхъэр.

УФ-мрэ КЪБР-мрэ щыIэкIуэ хабзэхэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ныкьуэдыкьуэхэм, апхуэдэу сабий ныкьуэдыкьуэхэр зиIэ унагъуэхэм маэ кьэс ират щхьэхуэу хуагъэувэ ахъшэхэр, апхуэдэхэр япэ ирагъэщ псэупIэхэр щагъэшкIэ. Кьинэмыщ1ауэ, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр хуащIэнымкIэ, дохутырхэр зыкIэлъагъэпльынымкIэ, хущхьуэхэмкIэ гупльитIэ ягъуэт. Абыхэм санаторэхэм зыщагъэпсэхуну, протезэхэр ирагъэщ1ыну льготэхэр яI1эщ, жылагъуэ транспортымкIэ ябакIуэхьынри, кьыщIэзэну щIыпIэм кIуэнкьэкIуэжьынри, Iэщ1агъэ зрагъэгъуэтынри, гъэжьапIэ ягъэувынри хэту.

Ныкьуэдыкьуэхэм защ1эгъэкьуэным хуэлажьэ Iуэхущ1анIэхэм кьабгъдэкIыу автомобиль зратахэм страховой ахъшэм и процент 50-р щхьэщ1ах.

Апхуэдэу гульитI ягъуэт дэгухэм. Нэфхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и щ1ыналъэ худамэм зи нэр зымыльагъухэм хуэхэа библиотекэ щолажьэ.

Я унэхэм кIуэурэ Iуэхутхьэбзэ зыхуэщIэхэм я бжыгъэр 4487-рэ мэхъу, абыхэм я процент 70-м щIигъур ныкьуэдыкьуэщ. Щытыкlэ гугъум ихуа цыху мин 12-м щIигъум (абыхэм ящыщ куэдыр ныкьуэдыкьуэщ) ахъшэкIэ ядоIэпыкъу. Зэпымыууэ зыкIэлъыплъын хуей сабий 945-м ящыщу дэтхэнэри зезыхьэ цIыхухэм сом мин ират.

(КIэуэхыр 2-нэ нап.).

Иджыри щы...

США-м транспортым и щы нагъуэншагъэмкIэ и Лъэпкъ Iуэхущ1анIэм кьыпIыщ1ащ мэремым зи «Boeing- 737-300» къхъулъатэр икIэщ1ыпIэкIэ кьетIысэхыжьи хуей хьуа «Southwest Airlines» авиакомпанием и къхъулъатэ псоми я щ1ыкIэр.

Абы и Iэщ1агъэлIхэм кьагъэуэтащ уэгум кьехух пэта къхъулъатэм и сэкъатым хуэдэ зиIэ къхъулъатищ.

АвиаIуэхущ1анIэм махуэ кьэс рейс 300-кIэ и лэжьыгъэр игъэмэщ1ащ, къхъулъатэхэм я щ1ыкIэр кьапщ1тэн папщIэ. Иджы США-м щ1ыщапщ1ыкIыным хуэзэрыпи «Боинг - 737-300» къхъулъатэу иIэ псоми я щ1ыткIэр.

Аргуэру зы къэралыгIэ

Мыгувэу Самоли и къухьэпIэ лъэныкьуэмкIэ къ1ыщ1ынэхуфынущ Азаний къэралыгъуэщIэ. Самоли и федеральнэ правительствэм нобэ унафэ зыхуищIыжьыфыр я къалащхьэ Могадишэ и куей зыбжанэ къудейщ.

Азание къэралыгъуэщIэр къ1ыззрыунэхур щагъэлъэпIа гуфIэгъэ зэхьхьэшхуэр щекIуэкIар абы и гъунэгъу Кением и къалащхьэ Найробищ.

Зэрыхьэрийм зэщ1ищта Самолиим зыщ1ихьумэн папщIэ, Кением и фейдэ хэльщ абыра езым и щ1ынальэмрэ я зэхуэку иджыри зы къэралыгъуэ щхьэхуит къ1ыдэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм хащэкIэрэ, зэфIэкI зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэр къ1ыщ1ыхах Iэмалыфыр жыджэру къагъэсэбэпыну.

ЗэIущIэм ирихьэлIахэм ЗэдэарэзыуэкIэ къ1ыхагъэщ1ащ инновацэ кьухутэныгъэ лэжьыгъэхэр зэманым къ1ызэригъуэвым тету къ1ызэгъэпэщ1ын, ахэр нэрылъагъуу гъащIэм щ1ыпхыгъэкIын зэрыхуейр.

МЫСОСТ Алий.

Самолим и ипщэ, курых щ1ынальэхэр, Могадишэ и куей нэхъ инхэри.

Апхуэдэу и щхьэ хущ1ытыж теплъэ зиIэ щ1ынальэу Самолим пщIы хуэдиз щ1ыIэщ.

Зауэм ещхьщ

Мексикэм и президент Кальдерон Филиппе 2006 гъэм и дыгъэгъазэм къулыкъым зэрыпэрыувэрэ а къэралым хъыбарыншэу щ1ыкIуэдащ щ1ыку 5397-рэ. Къ1ищ1ынэмыщ1ауэ, яуку1ауэ къагъуэтыжа щ1ыку 8898-р хэт сымэми нобэр къ1ыздэсым зэхагъэкIакъым. Апхуэдэ бжыгъэхэр къегъэльагъуэу щ1ыхум и хуитыныгъэхэр хъумэныкIэ Лъэпкъ комиссэм.

А комиссэм и унафащI Серрано Томас зэрыжиIэмкIэ, нэхъыбэу щIэпхъаджащIэхэм яIэщIэкIуадэр Чиуауэ, Синалоэ, Тамаулипас, Дурангэ куейхэм щыпгсэуэращ (Мексикэм и ищхъэрэ лъэныкьуэмкIэ). Хъыбарыншэу кIуэдхэм, яуку1хэм я ныбжьыр илъэс 20-м щ1ыщIэдзауэ 60-м нос, нэхъыбэр щ1ыхуэщ.

Кальдерон Филиппе властым зэрыпэрыувэу наркотик зыщэ мафием езэуэн щIидзат. Полицэр наркобаронхэм зэрытелажьэм къыхэкIыу, къ1ыхуэна армэм щ1ыщ зауэлI мин 60-м щIигъу игъэкIуат США-м пэгъунэгъу щ1ынальэхэм. ИтIани, щ1ыткIэр ефIэкIуакъым. Абы лъэндэрэ щ1ыху мин 36-рэ щIэпхъаджащIэхэм яуку1ащ, гъэ къэс доллар мелард 40 и уасэ наркотик Мексикэм, США-м, Европэм, Азием щащэ.

НОБЭ

◆ Москва щ1ызэхэтынущ Урысейм и ахъшэ хъумапIэхэм я ассоциацэм и XXI зэхуэсыр.

◆ 1905 гъэм Алъхъуей (Курп Ипщэ) кьуажэм и мэкъумэщ1ыщIэхэм зыкьа1этащ. 1943 гъэм Налшык и дагъэ заводыр зэфIагъэувэжащ.

Дунейм и щ1ыткIэнур: «mêteonovosti.ru» сайтым къ1ызэритымкIэ, нобэ пшэр техьэ-текIыу щ1ытынущ, уэзыс мащIэ кьешхынущ, махуэм хуабэу градуси 10, жэщым градусий щ1ынущ.

ПIалэнэр зыгъэхьэзырар **ГУЩIЮ Зарифи.**

Лъэпкъ Iущ1ыгъэ:

Къарур къ1ыщ1ыхьхьэм, пэжыр щIэкIащ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ зыIэрыхьэхэм гу зылъатапхъэ

«Урысейм и пощт»федеральнэ къэрал Iуэхущ1анIэ зэгуэтым и къудамэу КЪБР-м щ1ым 2011 гъэм и етIуанэ илъэс ныкьуэм къагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ трегъэдзэным мэлыжьыхьым и 1-м щIидзащ. Мы лэжьыгъэр пощт Iуэхущ1анIэ псоми щкIуэкIынущ. Абыхэм я лэжьакIуэхэм Iэ зыщIадза газетхэмрэ журналхэмрэ и зэманым унагъуэхэм яхьынущ. Апхуэдэу ахэр кьыщ1ыхьыж хъунущ езы пощт Iуэхущ1анIэхэми.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ тедзэным пыщIа Iуэхухэм зэпкърыхьауэ щыгъуазэ щ1ыщфщI хъунущ связьм и дэтхэнэ Iуэхущ1анIэми.

«Урысейм и пощт» ФГПУ-м и къудамэу КъБР-м щ1ыIэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Ди газетым мэлыжьыхьым и 30 щIондэ Iэ тевдзэмэ, ар ныфIэрыхьэнущ накъыгъэм и 1-м щ1ыщIэдзауэ.

Мазитым ди газетым и уасэщ сом 118-рэ кIэпIейкIэ 70-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1анIэ псоми.

Ди индексыр 51531

●Лэскэн куей

Гъатхэм зыхуащI

Гъатхэ вэн-сэным сыт и лъэныкъуэкIи хуэхьзыру рарыувахэм ящ1ыщ «Лэскэн» мэкъумэш Iуэхущ1анIэр.

БЖЬЫХЬСЭР и чэзум къезыхьэлIа хозяйствэр нужь итщ гъатхасэрэ къызыхуэтыншэу зэрызэфIигъэкIыным. ТехникэкIи, щ1ыгъэпщэхэмкIи, дагъэгъэсыныпхъэкIи я Iуэху Iейкъым: щIыбзэрагъэщагъэ, жылэр зэрыхасэ машинэхэр пасэу зыхуей хуагъэзащ, гъавэ жылапхъэфIхэри ягъэхьэзыращ. Иджыпсту ахэр йолэжь нартыхэр зытрасэну гектар 200 хъу щ1ым. Апхуэдэу Iуэхущ1анIэм и пэжыдзэхэм ягъэкIыну я мурадщ пхъэщхьэмыщхьэ бэв къэзыт иджырей жыгыщIэхэр.

Лэскэндэсхэм сыт щ1ыгъуи хадэхэкI бэв кьрахьэлIэ. Мы илъэсми абы гульитI щхьэхуэ щ1игъуэтынущ куейм хиубыдэ жылагъуэ псоми. Гъатхэ вэн-сэным кьыдэкIуэу, консерв кьыщ1ыщIагъэкI заводри зэрагъэпэщ1ыж. УнафэщIхэм къызэрыхагъэщ1ымкIэ, ар иджырей зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ нэсу къызэгъэпэщауэ хадэхэкIым и кьехьэлIэжьагъуэм ирихьэлIэн хуейщ. КъымыдэкIэ, мы гъэм яухуэну я мурадщ джэд мин 22-м нэс щагъэхъуну фермэшхэ.

Районым и экономикэм зегъэужьыныкIэ мыхьэнэ ин зиIэну Iуэхущ1анIэщIэм щIыху куэдым лэжьыгъэ Iэнатlэ щагъэуэтынущ. Абы и унафэщI Джэдзау Мурат зэрыжиIамкIэ, мы илъэсым тKIийуэ нужь итынущ я Iэщ бжыгъэм къызэрыхагъэхъуэнми. Иджыпсту щ1ыщIэдзауэ Iэщ1ыр хэлптыхьауэ къызщ1ащ1эхуну щ1ыпIэхэм зэгурыIуэныгъэхэр иращ1ынлIэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

●ЗэIущIэхэр

Я IэмалхэмкIэ щызохъуажэ

КЪБР-м промышленностымкIэ, связымрэ информатизацэмкIэ и министр Евтушенкэ Сергей Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал макъумащ1 академием экономикэмкIэ и факультетым и студентхэм яIуэщ1ащ. Абы щытепсэлъыхьащ1 республикэм и экономикэм и инновацэ зыужьныгъэм теухуа Iуэхугъуэхэм.

ЕВТУШЕНКЭ Сергей къызэрыуэсахэр хигъэгъуэзащ промышленностым и нобэрей щ1ыткIэр зыхуэдэм. Абы Iэнатlэ зэмылIэужьыныгъэхэм я предприятэу 48-рэ хохьэ. Апхуэдэщ машинэ зыуэкIэ, металлым, гъущI цIуугъэнэхэм, пхъэм елэжьхэр, медицинэм пыщIахэр, нэгъуэщIхэри. ЦIыху мини 8-м щIигъу щылажьэ а Iуэхущ1анIэхэм ику иту илъэсым сом меларди 9 и уасэ продукцI щ1ыгъэхьэзыр. Къалэн нэхъыщхьэр иджыпсту щыIэ предприятэхэм я лъэщагъым хэгъэхъуэнырщ, щIэхэр къызэIуихынырщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ комплексым зэрызиужьынум и унэтIыныгъэр ехьулIэныгъэкIэ дгъэзэщIэн папщIэ, псом япэу, инновацэ технологиехэр къэдгъэсэбэпын хуейщ. ИтIанэщ нобэрей жылагъуэр зыщIэупщIэхэм дащ1ыпэхъунур, - къыхигъэщащ министрым.

Студентхэри псалъэмакъым жыджэру хэтащ. Ахэр щIэупщIащ промышленностым и Iэнатlэхэм республикэм и экологие щытыкIэм къызуахьынкIэ хъуну зэранигъэр зыхуэдэм.

- Шэч хэмылъу, ар Iуэхушхуэщ. Дэ къытпэщытщ цIыхухэми, дыкъэзыухъурейхь дунейми зэран дазэрыхуэмыхъуным дегупсысыну. Курорт республикэм кьабзагъэр щ1ыхъумэнырщ мыкъэнэшхуэр дыдэ зиIэ, ди кьалэну зэрыщытыр щ1ыдгъэгъупщэркъым икIи, инвестицэ проектыщIэхэм дыщытепсэлъыхькIэ, абы гулъытэ хэха худощI, - жиIащ Евтушенкэ Сергей.

Езы студентхэми я мурадхэр зэхуаIуэтащ. Къащ1тэмэ, абыхэм ящ1ыщ зи пIалъэр икIа электрокъарур кьыдэзыгъахуэ лампIэхэм технологие хэхам тету щелажьэжьыжьну IэнатIэ республикэм къщ1ызэIухынымрэ теухуар. Министрым жиIащ я IэщIагъэлIхэр а Iуэхум зэрегупсысыр. Абы студентхэм гу лъаригъэтащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм хащэкIэрэ, зэфIэкI зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэр къ1ыщ1ыхах Iуэхугъуэ зэхэт республикэм зэрыщрагъэкIуэкIыр икIи къ1ыхуриджащ а Iэмалыфыр жыджэру къагъэсэбэпыну.

ЗэIущIэм ирихьэлIахэм ЗэдэарэзыуэкIэ къ1ыхагъэщ1ащ инновацэ кьухутэныгъэ лэжьыгъэхэр зэманым къ1ызэригъуэвым тету къ1ызэгъэпэщ1ын, ахэр нэрылъагъуу гъащIэм щ1ыпхыгъэкIын зэрыхуейр.

МЫСОСТ Алий.



Щ1эм хуокIуэ

АДЫГЕЙ. ***Адыгейм и Iэпхъкъ дэфтэр хъумапIэм и Iуэхутхьэбзэхэр мыгувэу Iэмалыщ1экIэ зэфIэхьыщ1идзэнущ. 2010 гъэм ар ивихэм щ1ыхуэхэм электроннэ справкэу 100-м щIигъу Iэрагъэхьащ, езым и сайт къызэрагъэпэщ. Ар нэсу уэзщ1а зэрымыхьэм и щхьэусыгъуэр зыхуей Iэмэпсымэхэр зэрамыIэрщ.***

- АГУГЪУЕХЬХЭР зэрыщ1ыIэр нэхъапэм къэIэтын хуеящ. ЦIыхухэм я псэукIэр езыгъэфIэкIуэну Iуэхуэхэр и чэзум къызэгъэпэщ1ынхъэщ, абыкIэ щIагъэкъуэн дыхъуну дыхьэзырщ, - жиIащ президент ТхьэкIущынэ Аслъэнджэрий. Абы къызэрыхигъэщащи, республикэ унафэщIхэм дэфтэр хъумапIэм сканерхэмрэ компьютерхэмрэ кьахуищ1ынущ.

Куейм Щ1ихабзэмкIэ и унэм и «Кавказ» щ1ыхуэ зэрыщ1ащ и щ1ыбжь хэкIуэтахэм я узыншагъэм щ1ыкIэтыхьыпль, зыщагъэпсэху Iуэхущ1анIэу Бахъсэн кьалэм дэтым.

АНСАМБЛЫМ хэт уэрэджыкIыгъэ Жылау Арсен, Кулиев МуIэд, БатIитI Мухьэмэд, Къущхьэ Заур сымэ ахэр щагъэдэIуэщ1ащ адыгэ, урыс уэрэдыжьхэм, зауэм техуа, иджырей уэрэдхэм.

Сыхьэтитlым нэблагъэкIэ екIуэжа Iуэхьэхэм кьрихьэлIа-уэрэдхэм дежьурт, кьафэхэрт, артистхэм Iэгуэущхэу хуаIэтырт, ар езыгъэкIуэкIа Кулиев МуIэд и гушыIэхэм нэхьри нэжэгужь ящ1ырт.

Дэ фIыщIэ яхудощI ди инновацэ технологиехэр къэдгъэсэбэпын хуейщ. ИтIанэщ нобэрей жылагъуэр зыщIэупщIэхэм дащ1ыпэхъунур, - къыхигъэщащ министрым.

Студентхэри псалъэмакъым жыджэру хэтащ. Ахэр щIэупщIащ промышленностым и Iэнатlэхэм республикэм и экологие щытыкIэм къыхуахьынкIэ хъуну зэранигъэр зыхуэдэм.

- Шэч хэмылъу, ар Iуэхушхуэщ. Дэ къытпэщытщ цIыхухэми, дыкъэзыухъурейхь дунейми зэран дазэрыхуэмыхъуным дегупсысыну. Курорт республикэм кьабзагъэр щ1ыхъумэнырщ мыкъэнэшхуэр дыдэ зиIэ, ди кьалэну зэрыщытыр щ1ыдгъэгъупщэркъым икIи, инвестицэ проектыщIэхэм дыщытепсэлъыхькIэ, абы гулъытэ хэха худощI, - жиIащ Евтушенкэ Сергей.

Езы студентхэми я мурадхэр зэхуаIуэтащ.

Мелуанырыбжэхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Федеральнэ налог къулыкъым и Iуэхущ1анIэу Къэрэшей-Шэрджэсым щ1ыIэм и коллегием и зэIущIэм къызэрыщ1ыхьагъэщ1ащ1кIэ, республикэм мелуанырыбжэхэр нэхъ мащIэ щ1ыхъащ.***

2010 ГЪЭМ кьата декларацэхэм щ1ыхэплъэжьын зэраубзыхуамкIэ, зи хэхъуэр наIуэ зыщ1 щхьэзакъуэ хъэрычтыщ1эхэр, фермер хозяйствэхэм я унафэщIхэр, нотариусхэр, адвокатхэр нэхъыбэ хъуащ. Абы щыщ1 дэкIуэу налогыгъ ятар къеIыхьыжьынымкIэ декларацэхэр къызытхэм я бжыгъэм хэпщIыкIыну хэщIащ. 2009 гъэм мелуанырыбжэхэр 265-рэ хъуурэ щытамэ, нэгъабэ ар зэрыхъуар 155-рэщ. Налогхэхэм къызэрытымкIэ, а псом къыдэкIуэу зы илъэсым мелуани 100-м щ1ыщIэдзауэ 500-м нэс хэхъуэ зиIэхэр куэдкIэ нэхьыбэ хъуащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Бахъсэн куей

Нэхъыжьхэр ягъэгуфIэ

Iуэхущ1анIэм кьытхуеблагъуэ ди сымаджэхэм я гукъыдэжыр къэзыIэта «Кавказ» гупым. Ди жэрдэмыр къыддалIыгъуэ сытым дежи ахэр ди лъэIум къыподжэж. Мы илъэсыр къызэрихьэрэ а гупыр иджы ещанэу ди хьэщIэщ. Ди лэжьакIуэхэмэ ахэр зыхуэтщIэ ПIалъэ-фызыжьхэмэ кьабгъэдэкIыу фIыщIэ яхудощI, - жиIащ зэхьхьэхэр центрым къ1ыщ1эззыгъэпэщ Доткъуэ Каринэ.

ЩОМАХУЭ Залиф.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Гъащ1эм жыджэру хэшэн

(К1эухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.)

Зи I эпкльпэпкъэр къызыдэмыбз цЫкухэм яхуэгъэза къэрал политикэр нэхъ купщ1афI эу пахьгъэкIын папщIэ, КъБР-м и Президентым и дж къыщызэрагъэпэщащ Ныкъуэдыкъуэхэм егъэщ1ыла I уэхухэмкIэ совет.

Къэралым ныкъуэдыкъуэхэм я республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм нэхъ куууэ защ1егъакъуэ. Мы гъэм КъБР-м Щ1алэгъуалэм и I уэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкI э и министерствэм иригъэкIуэкIащ ветеранхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ яхуэгъааУэ нэхъ мыхьэнэшхуэ и I эу я гъэзэщ1эну проектхэм къыщыхах зэпеуэ. Нэхъ зыхуэфащ1эу къальытахэм сом мелуанищ хухахащ КъБР-м и республикэ бюджетым къыхэкIы.

Арщхьэк I э, шэ ч хэмылъ, а псори мащ1эщ. Дэ ящыгъи куэд зэфI эдгъэзекIыну къытэщытщ мы I энатI эм иджырей зэманым къыззэрезэгъым дытету дыбгъэдыхьэн папщIэ. Ныкъуэдыкъуэхэм защ1эдгъэкъуэным дыкъыпIыкIыу ахэр гъащ1эм хэзэгъэным зэран хуэхьу I ыпэощхьэпо псори лъэныкъуэ егъэзыным дыхуэкIуэн хуейщ. УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщ1 Грызлов Борис а I уэхум щытепсэлъыхьащ «Ныкъуэдыкъуэхэм даэрыхуащ1ыр тхъуэжьн хуейщ» зи фI эщыгъэщ1э интервьюм.

- Уэ дипу къэбгъэкIыжащ Грызлов Борис жII ахэр. Абы и гупсысхэм ящыщу нэгъуэщ1 сыт унту иритха?

- Тхыгъэр шэч кьытомыхьэну купщ1афI эщ. Абы властхэр иергьэгупсыс мы I уэхум егъэщ1ылI аущ УФ-м и Дэтхэнэ зыгъэзекIуэ щ1ыхь-фIагъэкIын хуей кьалэнхэм.

Къэрал Думэм и Унафэщ1ым жиIащ «Доступная среда» зыфIащa къэрал программэр дэни щагъэззэщ1эн зэрыхуейр. Ар зэфIигъэкIынущ УФ-м Узынщагъэр хьумэнымрэ псэуныгъэм зегъэужьыныкIэ мыхьэнэшхуэ ящ1ыну министерствэ 8, ыц федеральнэ I уэхущ1апIэ, ныкъуэдыкъуэхэм я зэгухьэныгъэр. Нэгъэущу жыпIэмэ, I уэхур зэфIагъэкIынущ властым и кьудамэ псори зэдзэкIыжырэ.

Программэр I ыхьыгIу гупсыуэ я нтъэзэщ1ынущ. Я пэ щыкIэ я нтъэзэщ1ынущ. Нэгъэущу жыпIэмэ, I уэхур зэфIагъэкIынущ властым и кьудамэ псори зэдзэкIыжырэ.

Программэр I ыхьыгIу гупсыуэ я нтъэзэщ1ынущ. Я пэ щыкIэ я нтъэзэщ1ынущ. Нэгъэущу жыпIэмэ, I уэхур зэфIагъэкIынущ властым и кьудамэ псори зэдзэкIыжырэ.

Арщхьэк I э, шэ ч хэмылъ, а псори мащ1эщ. Дэ ящыгъи куэд зэфIэгъэзекIыну зэрыхуейр. Ар зэфIигъэкIынущ УФ-м Узынщагъэр хьумэнымрэ псэуныгъэм зегъэужьыныкIэ мыхьэнэшхуэ ящ1ыну министерствэ 8, ыц федеральнэ I уэхущ1апIэ, ныкъуэдыкъуэхэм я зэгухьэныгъэр. Нэгъэущу жыпIэмэ, I уэхур зэфIагъэкIынущ властым и кьудамэ псори зэдзэкIыжырэ.

Программэр I ыхьыгIу гупсыуэ я нтъэзэщ1ынущ. Я пэ щыкIэ я нтъэзэщ1ынущ. Нэгъэущу жыпIэмэ, I уэхур зэфIагъэкIынущ властым и кьудамэ псори зэдзэкIыжырэ.

Мыхьэнэшхуэ зиI э кьалэнщ ныкъуэдыкъуэхэр псэупIэ, жылагъуэ, лэжьапIэ унэхэм, щыгъэпсэхупIэ щ1ыпIэхэм, щэнхабзэ, нэгу зыщагъэгъуэжь I уэхущ1апIэ-хэм я лъэIэсыныр кьыз эгъэпэщ1ынущ.

- Уэ зи гугъу пщ1ы интервьюм кьыщ1этащ лэжьапIэм ехьэлIа I уэху ткIийри. Ныкъуэдыкъуэхэр I энатI э я гъэувын и лъэныкъуэкIэ сыт щызэфIагъэзекIрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым?

- Ныкъуэдыкъуэхэр зыхуей хуэгъэзэн, нэхъ ин I уэхуэхэм щыщ щ1ыгъуэ. Абы I уэхуэхэм я ныкъуэданыгъэхэм гу лърагъэтащ. Ахэр псоми щ1эзэхуэдэщ: шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщ1ыным мылъку зэрыхуэхъэжьа видеоконференц щ1ытыкIэм иту екIуэкIа зэI ущ1эм.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий къэрал кIуэцI I уэхуэхэмкIэ I энатI эм кьыпэщыт зэхуэхьэкIынигъэхэм и мурад нэлъэкьапIэ I энатI экIэ кьыззэгъэпэщ1ыныр. Дауи, абы папщIэ я пэ щыкIэ I эмал кьеззэгъхэр зэтедухуэн хуейщ, итIанэщ а кьалэныр щ1ытхуэзэфIэхьынри. Ныкъуэдыкъуэхэм ящыщ щ1ыгъуэ хуейщ сэбэн хьуну икIи я зыныкъуэхэм дже цIыху узынщ1эхэм нэхърэ нэхьыфIу лэжьэфынущ.

«Цыхуэхэр I энатI экIэ кьыззгъэпэщ1ынымкIэ ехьэлIа I уэхуэхэр нэхъыбгу зи пщ1э ду хуэ зэрыгъэзекIуэ Урысей Федерацэм и Президент Дмитрий Медведевым ехьэлIа I уэхуэхэм я щ1ыпIэ щ1

Театр утыкур зыгъэбжыыфIа

Дэбагъуэ Хьэсэн къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу

Ар а IэщIагъэм къыхуигъэщIат

Дэбагъуэ Хьэсэн 1941 гъэм гъатхэпэм и 30-м Налшык къыщалъхуащ. Дзэпыкъуэ кIуэнкэ дэт курыт еджапIэр 1958 гъэм кынхуащ. Налшык щыIэ Макъамэ училищэм щIэтIысхьэн и пэ кынхуэу, 1959 - 1960 гъэ хэм ар щылажьащ уэрэдымрэ къафэмкIэ «Кабардинка» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал ансамблым.

УЧИЛИЩЭМ уэрэджыIакIуэхэр щагъэхьэзыр и къудамэм зы илъэскIэ щеджа нэужь, ар Тбилисиз ягъакIуэри 1961 - 1963 илъэсхэм абы и къэрал еджапIэм зыщигъэсащ. Собиновым и цIэр зэрихьэу Саратов дэт къэрал консерваторэм уэрэд жыIэнымкIэ и факультетым ар щIэтIысхьэжащ 1963 гъэм. Римскийр-Корсаковым и цIэр зезыхьэ Ленинград къэрал консерваторэм 1967 гъэм зригъэзыжри, зы илъэскIэ абы щеджажьэу Саратовым къигъэзэжащ, 1970 гъэм а еджапIэм и диплом кьратащ.

Консерваторэм щыщIэсаи илъэсхэм Дэбагъуэм лэжьэн щIидзат. Абы игъэзащIэрт ди къэралым, нэгъуэщI щIыналъэ зэм я классикхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и композиторхэм я Iэдакъэщ!экIэхэр. Къыхэгъэщыпхъэщ лъэпкъ профессиональнэ уэрэдхэр япэу жызыIахьэм Дэбагъуэр зэращыщыр. Псалъэм папщIэ, композитор Молэ Владимир диплом лэжьыгъэу итха «Дахэнагъуэ» оперэм хэт Джримэс и партиер япэу зыгъэзэщIар Хьэсэнщ.

1970 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэу лэжьэн щIидзащ. Макъ дахэ, зыкIуу итыкIэ екIу зиIэ артистым сценэм роль оперэ партиер эмыIэуэльэгъуэу куэд щигъэзэщIащ. Лэжьыгъэм щыпэрыуба япэ махуэхэм щыщIэдзауэ Дэбагъуэр театрым и уэрэджыIакIуэ пажэхэм ящыщ хъуат.

Абы утыкум щигъэзэщIа дэтхэнэ зы ролри адрейхэм къащхьэщыкIыят я купщIэкIэ, пэжагъкIэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Эдвин, Пали-Рач, Рауль (Кальман И. и «Сильва», «Цыганскарнмьер», «Фиалка Монмартра» опереттэхэм), Ионельрэ Даниилэрэ (Легар Ф. и «Цыганская любовь», «Веселая вдова»), Альфред (Штраус И. «Летучая мышь»), Володя (Фельцман О. «Пусть гитара играет»), Ариф (Гаджиев Р. «Кавказская пленница»), Командир (Самойлов М. «Похождения Дон Жуана»), Грициан (Александров Б. «Свадьба в Малиновке»), Стешкэ (Птичкин Е. «Бабий бунт»), Тасило (Кальман И. «Марица»), Андрей Туманский (Стрельников Н. «Холопка»), Батыр (Кьарджи Хьэсэн. «Мыщэ и кIуэ Батыр» макъамэ таурыхъ), Хьэдис (Жырыкь Заур. «Тайна сердца» макъамэ-гушыIэ) сымэ я ролхэр, нэгъуэщIхэри.

Абы утыкум щигъэзэщIа дэтхэнэ зы ролри адрейхэм къащхьэщыкIыят я купщIэкIэ, пэжагъкIэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Эдвин, Пали-Рач, Рауль (Кальман И. и «Сильва», «Цыганскарнмьер», «Фиалка Монмартра» опереттэхэм), Ионельрэ Даниилэрэ (Легар Ф. и «Цыганская любовь», «Веселая вдова»), Альфред (Штраус И. «Летучая мышь»), Володя (Фельцман О. «Пусть гитара играет»), Ариф (Гаджиев Р. «Кавказская пленница»), Командир (Самойлов М. «Похождения Дон Жуана»), Грициан (Александров Б. «Свадьба в Малиновке»), Стешкэ (Птичкин Е. «Бабий бунт»), Тасило (Кальман И. «Марица»), Андрей Туманский (Стрельников Н. «Холопка»), Батыр (Кьарджи Хьэсэн. «Мыщэ и кIуэ Батыр» макъамэ таурыхъ), Хьэдис (Жырыкь Заур. «Тайна сердца» макъамэ-гушыIэ) сымэ я ролхэр, нэгъуэщIхэри.

Альфред, Ёрщот Мантуанский (Верди Дж. и «Травиата», «Риголетто» оперэхэм), Хозе (Бизе Ж. и «Кармен» оперэм), Тюленин Сергей (Мейтус и «Молодая гвардия» оперэм), Трик е (Чайковский П. и «Евгений Онегин» оперэм), Зыуэтэжьым (Молэ Владимир и «Къамботрэ Лацэрэ» оперэм) я партиер Дэбагъуэ Хьэсэн игъэзэщIахэр театрым щагъэувэ спектаклхэм кIахьощ. Абы зэхуэдэу фIыуэ къехъулIэрт сыт хуэдэ ролхэри. Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ папщIэ игъэувэ спектаклхэм ар фIэфIу хэтт, актер Iэзагъ бгъэдэльмкIэ щIэбгъэм театрыр фIыуэ зригъэIа.

Республикэм и театр гъэзджэм зегъэужьыным куэд зэрыхилъхьам папщIэ, 1980 гъэм абы къыхуагъэфэщауэ щытащ «КБР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр.

Ауэ аратэкъым артистым дежкIэ нэхьыщхьэр. Псом нэхъ р нэхъ лъапIэр щIыхум фIыуэ къызэралъагурт, и зэфIэкIыр къызэралытэрт, ар щыджэгу спектаклхэм куэд зэрекIуалIэрт.

Къапщтэмэ, щэнхабзэм, гъазджэм я лэжьакIуэхэм, ди республикэм и усакIуэ, тхакIуэ цIэрыпсухэм сэ саохэзышар, аухэр гъунэгъуу сэзыгъэшыхьар Дэбагъуэ Хьэсэнщ. Ди щыпкъэм и актер зэчиифIэ хэм, музыкант гъэзэджэхэм, щэныгъэфI зыбгъэдэлъхэм ящыщ Дэбагъуэр щыху гъэщIэгъуэнт, губзыгъэт, гъащIэмрэ сценэмрэ щиубыд увыпIэр зэрыкъуагъэр. Ар щызыгурыIуэт. Сыт хуэдиз псалъэ дахэ Хьэсэн хужьпIэми, зыри лей хъунукъым, ахэр абы лэжьыгъэкIэ, щIыхугъэкIэ, гъащIэр фIыуэ зэриIагъ гъуэгкIэ кьилэжьащ.

ЖЫРЫКЬ Заур,
КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, композитор.

Лъэпкъым и залэр маещ

Цыхур Iа нужь, гъащIэм апхуэдизу и хабзэщ, тхьэмахуэ дэкIыу пщыгъупщэжьр иэхьыбэщ. Ауэ щыIэщ ноби къыббгъурытым хуэдэхэр. Псалъэм папщIэ, апхуэдэхэщ Къыш Мухьэмэдэр Дэбагъуэ Хьэсэнрэ, иджыри къыздэсым къызэрытхэмыгъжьыр схуэмыгъэх Бэрэгъуэ Владимир, хьэмрэ Даур Аслъэн-щ?! Зэчий зыбгъэдэлъхэр лъэпкым пимащIэм и дежь и залэр маещ жыхуаIэм хуэдизу мэхъури, а щIэкIуэдам уасэ зэримыIар иэхъ, зыхэщIауэрэ гъащIэр макIуэ. Абы и щыхьэт куэд сиIэщ сэ.

ГУШЫIЭ дахэр щIыхум кьыдалъхуауэ хэтыт. ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъ щIыхурщ гушыIэ екIуи и щхэм щыщ гъуазэр. Абыхэм ящыщ зыгъ Дэбагъуэр, гъуэгурыкIуэм тетурэ кьитуэпсыдзу щIыхьхэм кьаухуэнам и зы щапхъэ сигу кьжIыжащ.

Хьэсэн щIалэ егIуанэ кьыхуалъхуауэ театрым щIы-хьащ. кIий-гуоуэ: «Дэнэ щыIэ Бицур. Ар сIэщIэукIэнущ сэ», - жиIуэрэ. Зэхэзыхахэр кьэгуэвВауэ: «Сыт къэхъуар?», - щыщIэупщIэм: «Си кьуэр кьыпачауэ Юрэ ешхыщ, сэ ар абы хуэгъэгъункъым», - итащ жэуап. Сабий щIыкIур зэрыкъамылыфэм тегушыIыхьауэ арат. Апхуэдэ хъуаскIэ щIыкIуэхэр, и щхьэр абы зэрыхуэжкIуар умыгъэщIэ гушыIэ Iэмал имыIэу «кьыжьдэлъэтырт» Хьэсэн. Ар псоми гуауэщхьэщыхьхэ яхуэхьурт, кIуэ аракъэ, и хьуреягьыр зэщIэпщIыпщIэу ищIыфырт.

Абы игъэзэщIа ролхэр щымыгъупщэжу гум кьинащ. Адрейхэм къащхьэщыкIыу Iэдэбыгъэ гуэр хильхьэрт, кьигъэщI образыр кьыжьдэкIуэу хуэдэу, имыутIыпщыщэу, абы щыгъуэми кьыгъэлъэгъуэну зыхуей дыдэм и Iэр тригъахуэу. Хьэсэн сценэм кьикIыжами артистт, тхыль хуэд еджа щIыху губзыгъэм чэнджэщэгъу къызэрыпхуэхьуи кьыбжьIэни и гуэпэжт.

И макъ тельыдджэм и гугъу щыпщIкIэ, занщIэу тхьэкIуэмэм кьоцырхъэ Жырыкъ Заур и «Си гъатхэ» уэрэдыр абы зэригъэзэщIар. Ар Дэбагъуэм нэмыщI нэгъуэщI зыгуэрым жиIэу си нэгу кьыслухуIэгъэхьэркъым.

Сэ си Iэдакъэщ!экI куэд жиIакъым Хьэсэн, ауэ а закъэгъэIакъуэри гуимыхужщ утыку кьызэрырихьар. Псалъэм папщIэ, абы игъэзэщIащ Бештокъуэ Хьэбас и псалъэхэр зыщIэлъ «Изолъхьэ сигу сынэмыкIуэну» уэрэдыр. Зэрыщ!аIакIуэ-гупсысакIуэу зэрыщытыр нэрылъагъуэ пщIащIут, зэ зэрыжиIам егIуанэр кьыщхьэщыкIыыт ар Хьэсэн зэригъэзащIэр. Уэрэдым и купщIэмрэ макъамэмрэ зэрызэщIигъэхьэным хэтыр, ар кьызэхьуIэр уэрэджыIакIуэ нэсщ.

Хьэсэн и макъым зы кьэгъэщыпIэ гуэрхэр иIэт, уигъэкIэзызу, унгъэтхытхыу. Апхуэдэу Дэбагъуэм игъэзэщIащ КIыщокъуэ Алим и «Роз» уэрэ зи лъабжьэ си романсыр. Иужькъ ар нэгъэщIым жиIакъым, жезгъэIэжьнуи сыхуеякъым.

ГуфIэу дунейм щытетыфыну зэману дунейм ехьжащ Хьэсэн. Талант зыбгъэдэлъ, гъащIэми сценэми щыIэкIуэ, артистхэм ар кьилъыхуэну, щIэ упщIу щIадзэрт.

Ди ныбжьэгъуэм гъащIэр егъэлеяуэ фIыуэ ильагъурт, сыт хуэдэ щытыкIэ гугъурт гушыIэ дахэкIэ зэфIехьфырт. Спектаклхэм я партиехэм ехьэлауэ зэдауэ кьэхуауэ, гушыIэм щIидзэрти, псори игъэ дыхьэшхырт. А псом кьыдэкIуэу Хьэсэн щIэныгъэ зыбгъэдэль цIыхуэт, тхыль куэд дыдэ щIэзыджькIа, куэдым щыгъуазэ Iэщ!агъэлIт.

Хуабжьу фIыуэ ильагъурт мэз лъапэхэм кIуэну, псы Iуфэ хэм зыщигъэпсэхуну. Апхуэдэхэм дежкIэ ГъэфIыдзэу пщафIэрт, и ныбжьэгъуэхэм яригъэшхыжкIэ зригъэщIагъэтхэным.

Хьэсэн апхуэдизкIэ цIыху щабэти, кьыбгъэдэт дэтхэнэ зыми и гуфIэгъуэм иринасыпыфIэ т, гуауэри гуапэри кьыдэмыIыкIыт. ЕгIэ лъэуэ гушыIэр зэрыфIэфIым нэхьри нэхъ гуапIэ, нэхъ лъапIэ ящIырт а цIыхур.

Музыкэ театрым и лэжьакIуэхэм, псом хуэмыдэу и ныбжьэгъуэхэм, хуабжьу кьыттохьэлъэ Хьэсэн кьызэрытхэмытыжьыр. Ауэ псэм хэльам хэпх мыхъуну щыта щIыху уэрэдэр иджьпстуи псэкIэ тщIыгъуж.

БЕКЪУЛ Леонид,
КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Музыкэ театрым и дирижер.

Гушыlэр зи щIасэ ныбжьэгъуфI

Дэбагъуэ Хьэсэн си дежкIэ лэжьэгъу хьэлэмэт т, ныбжьэгъу нэст. Ар гъуэгу зэрыстыр хэщIыжар зи гум щIыхьар и ныбжьэгъуэхэм ди закъуэкым, атIэ Музыкэ театрым щылажьэ дэтхэнэ зыми, кьэзыщIыхьу щыта псоми гуауэ ящыхьуащ.

УЭРЭДЖЫЛАКIУЭ гъуэзэджэм и зэфIэкI хилъхьащ ди республикэм и музыкэ-драмэ гъуэзджэм зегъэужьыным. «Тхьэр зэчиIкIэ кьыхуэ эупсащ» жыхуаIэм хуэдэ цIыхут Хьэсэн. ИкIи кьэзыуухьуреиныхэм – театрым кьэрIуалIэхэми и таланты дихьэх и лэжьэгъуэхэми - а и зэфIэжьымкIэ ядэгуашэ щIыху жумарт. Зы макъуэ закъуэ театрым кьэмыкIуэну, артистхэм ар кьилъыхуэну, щIэ упщIу щIадзэрт.

Ди ныбжьэгъуэм гъащIэр егъэлеяуэ фIыуэ ильагъурт, сыт хуэдэ щытыкIэ гугъурт гушыIэ дахэкIэ зэфIехьфырт. Спектаклхэм я партиехэм ехьэлауэ зэдауэ кьэхуауэ, гушыIэм щIидзэрти, псори игъэ дыхьэшхырт. А псом кьыдэкIуэу Хьэсэн щIэныгъэ зыбгъэдэль цIыхуэт, тхыль куэд дыдэ щIэзыджькIа, куэдым щыгъуазэ Iэщ!агъэлIт.

Хуабжьу фIыуэ ильагъурт мэз лъапэхэм кIуэну, псы Iуфэ хэм зыщигъэпсэхуну. Апхуэдэхэм дежкIэ ГъэфIыдзэу пщафIэрт, и ныбжьэгъуэхэм яригъэшхыжкIэ зригъэщIагъэтхэным.

Хьэсэн апхуэдизкIэ цIыху щабэти, кьыбгъэдэт дэтхэнэ зыми и гуфIэгъуэм иринасыпыфIэ т, гуауэри гуапэри кьыдэмыIыкIыт. ЕгIэ лъэуэ гушыIэр зэрыфIэфIым нэхьри нэхъ гуапIэ, нэхъ лъапIэ ящIырт а цIыхур.

Музыкэ театрым и лэжьакIуэхэм, псом хуэмыдэу и ныбжьэгъуэхэм, хуабжьу кьыттохьэлъэ Хьэсэн кьызэрытхэмытыжьыр. Ауэ псэм хэльам хэпх мыхъуну щыта щIыху уэрэдэр иджьпстуи псэкIэ тщIыгъуж.

БЕКЪУЛ Леонид,
КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Музыкэ театрым и дирижер.

И махуэр хуэтIэтынт

Саратов къэрал консерваторэм дыщыгъэдежащ Дэбагъуэ Хьэсэн, сэ, Гъэсанэ Наталье. Ар кьудухауэ театрым дыкъышыкIуужам Верди Джузеппе и «Травиата» оперэращ япэ дыдэу дыдыхэтар.

АЛЬФРЕДи ролыр апхуэдизкIэ уи фIэщ хьууэ игъэзащIэрти, театрепльхэм щыщу зы цIыху хэнагъэнтэкъым Хьэсэн и лжьыгъэр гунэс зыщымыхьуа. Виолеттэ щылIэ епIанэ актым Хьэсэн и нэпсыр кьежэхэу щыслъагъум, сэри зыгуэмыбудыжу сыгъат. А опэрэм и ужькIэ махуэщкIэ лэжьакIуэ сыкIуэфатэкъым, апхуэдизкIэ си псэм кьехьэльэкIырт. Хьэсэнрэ сэрэ партиехэм ихьыщхьэхэр щыдгъэзэщIащ Штраус и «Летучая мышь» опереттэми.

Сценэм дыдэрыздитым и мызакъуэу икIи унагъуэкIи дыдэкIэльыкIуэрт: ар си щхьэгъусэм и ныбжьэгъут, Натальерэ сэрэ дыдэджам кьыщымынэу, сытым дежи дызэрыщIэрт, дызэрыгъэтырт. Хьэсэн театрым зыгуэрым тIэкIу щыфIэнамэ е кьэгубжьауэ ялъэгъуаиэ, сэ кьыздэкъэхэрт, апхуэдизкIэ си жьIэм кьедэIуэрт, пщIэ кьыскуущIырти.

Зэчийуэ бгъэдэльым ящыщ зыт и лжьэгъуэхэм гъэщIэгъуэныщэу зэрызыкъытпищIыжыр, езыр умылъагъуэмэ, зи макъкIэ жиIэ уэрэдыкIакIуэрауэ кьыпщIыхьунут.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, и ильэс 70 ныбжьыр щигъэлъэпIэнум нэсакъым Хьэсэн. Нобэ ар кьытхэтэжьамэ, и махуэр хуэтIэтыну и ныбжьэгъуэхэр, лжьэгъуэхэр дызэрыкIуэнум щэч хэльтэжьым.

БЭГЪУЭТЫЖ Светлан,
КъБР-м щIыхь зиIэ и артистэ.

Бесчокъуэ Майерэ Дэбагъуэ Хьэсэнрэ «Сильва» оперэм щоджэгу. *1982 гъэ.*

ЛъагапIэм хуишэу иришажьэрт

Актер нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэхэм ящыщ зыт Дэбагъуэ Хьэсэн. Ар театрым щыIэмэ, артистхэми музыкантхэми гукъыдэжьыщхуэ яIэт, зыкъыпкIэримыщIэу, ауэ уи Iуэху зыIутым зыщигъэгъуазэрэ зэрыхьухIэ зыкъыпщIигъакъуэу апхуэдэт. ЛъжьапIэм зэрыщIэт къудейр пхурикъурт. Абы театрым щиныгъуу щыта увыпIэр нэщIщ, зыгуэр абы иувэфынуи фIэщ щIы-гъуейщ.

СЫТ ХУЭДэ ролми хуэхьэзырт Хьэсэн, макъамэ спектаклхэм я мызакъуэу, драмэхэми щыджэгуфынут. И лэжьыгъэр фIыуэ ильагъурт, сабийхэм папщIэ джэгуныр зыпищI щыIэтэкъым. Псэ зыIут дэтхэнэми хуэдэу, абы и хьэл-щэным хэлът щIыхуэр щIыхуэмыарэзы гушыIэр зэрыгъэзащIэр. Уэрэдым и купщIэмрэ макъамэмрэ зэрызэщIигъэхьэным хэтыр, ар кьызэхьуIэр уэрэджыIакIуэ нэсщ.

УЭРЭДЖЫЛАКIУЭ гъуэзэджэм и зэфIэкI хилъхьащ ди республикэм и музыкэ-драмэ гъуэзджэм зегъэужьыным. «Тхьэр зэчиIкIэ кьыхуэ эупсащ» жыхуаIэм хуэдэ цIыхут Хьэсэн. ИкIи кьэзыуухьуреиныхэм – театрым кьэрIуалIэхэми и таланты дихьэх и лэжьэгъуэхэми - а и зэфIэжьымкIэ ядэгуашэ щIыху жумарт. Зы макъуэ закъуэ театрым кьэмыкIуэну, артистхэм ар кьилъыхуэну, щIэ упщIу щIадзэрт.

Ди ныбжьэгъуэм гъащIэр егъэлеяуэ фIыуэ ильагъурт, сыт хуэдэ щытыкIэ гугъурт гушыIэ дахэкIэ зэфIехьфырт. Спектаклхэм я партиехэм ехьэлауэ зэдауэ кьэхуауэ, гушыIэм щIидзэрти, псори игъэ дыхьэшхырт. А псом кьыдэкIуэу Хьэсэн щIэныгъэ зыбгъэдэль цIыхуэт, тхыль куэд дыдэ щIэзыджькIа, куэдым щыгъуазэ Iэщ!агъэлIт.

Хуабжьу фIыуэ ильагъурт мэз лъапэхэм кIуэну, псы Iуфэ хэм зыщигъэпсэхуну. Апхуэдэхэм дежкIэ ГъэфIыдзэу пщафIэрт, и ныбжьэгъуэхэм яригъэшхыжкIэ зригъэщIагъэтхэным.

Хьэсэн апхуэдизкIэ цIыху щабэти, кьыбгъэдэт дэтхэнэ зыми и гуфIэгъуэм иринасыпыфIэ т, гуауэри гуапэри кьыдэмыIыкIыт. ЕгIэ лъэуэ гушыIэр зэрыфIэфIым нэхьри нэхъ гуапIэ, нэхъ лъапIэ ящIырт а цIыхур.

Музыкэ театрым и лэжьакIуэхэм, псом хуэмыдэу и ныбжьэгъуэхэм, хуабжьу кьыттохьэлъэ Хьэсэн кьызэрытхэмытыжьыр. Ауэ псэм хэльам хэпх мыхъуну щыта щIыху уэрэдэр иджьпстуи псэкIэ тщIыгъуж.

БЕКЪУЛ Леонид,
КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Музыкэ театрым и дирижер.

Хьэсэнрэ УФ-м щIыхь зиIэ и артисткIэ Дау Марианнэрэ.

Удз гъэгъахэмкIэ дызэхуэгуалэрт

Хьэсэнрэ сэрэ Саратов дэт къэрал консерваторэм зы егъэджакIуэм дежи дыщызэдджащ. Тбилиси консерваторэм щеджэу, 1963 гъэм дызэрыщыта нужь, сэ сызэщыIэм зыригъэдзыжауэ арат.

СЭ ЕДЖАПIЭР нэхьапэ къэзухащ, Хьэсэн кхъухьитIатэм ису кьыщхуэхэм щыгъуэ игъуэта фэбжьхъэм щхьэкIэ зы илъэскIэ еджатэкъым, си ужь кьинат. Тupи дыщIалэт, дызыпэмыльэщыкIи щымыIэуи кьыгъщыхьурт, ди зэфIэкIкIэ зым адрейр ехьэхуэрт, дызэрытемыгъакIуэу. ДыщызэбгъэдэкIыжми, гум хуэд щыщIащ.

Ди гъащIэхэр зэпэщхьэхуэ зэрыхьуар ди знныбжькъэгъугъэм зэран хуэхъуакъым: махуэщхуэхэмкIэ зыр зым дежхъужьурт, зым и юнцертым адрейр кIуэрт, удз гъэгъахэр зэттырт. 2005 гъэм си юбилей щыщIахьэщIхьэм Хьэсэн «Си гъатхэ» уэрэдыр щыжиIат.

Хьэсэн и анэ КIулацэ сэрэ дызэныбжькъэгъуфIт, щыIэ зыхъэль цIыхубз гуапэу, цIыхуфI дыдэу си гум кьинащ ар. Узынщагъэ быдэ иЭну, и щIэблэм гупсэхуГуэ кьратыну си гуапэщ.

Егъэлеяуэ си жагъуэ мэхъу Дэбагъуэр апхуэдизу пасэу зэрытхэкIыжар. Ар кьарууфIэт, жыджэрт, дзпэкIи зэрыпэжьэфыи зэфIэкI иЭт.

ГЪЭСАШЭ Наталье,
УФ-м и щIыхь зиIэ и артистэ, ГъуэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и профессор.

Уэрэдхэр псэкIэ жиIэрт

Классикэ операхэмрэ опереттэхэмрэ партие нэхъыщхьэ куэд щигъэзэщIащ Дэбагъуэ Хьэсэн.

МУЗЫКЭ театрыр ди къэралым и къалэщхуэхэм кIуэрт, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъуазджэр абыхэм щагъэлъапIэрэр. Ди гупым и актер пажэхэм ящыщт Хьэсэн. И уэрэд жыIэкIэмкIэ, и утыку итыкIэмкIэ ди щхьэр лъагэу дигъэлъагъуэжырт, дигъэгушхуэрт.

Актерым и гъащIэр адрейхэм ейм къащхьэщокI, спектаклыр щекIуэкIыну махуэм сыт къэмыхъуами, ар джэгун хуейщ. Апхуэдэу гастроль дыщыIэу Хьэсэн и адэр дунейм ехьыжати, къэкIуэжри, ар щIалъхьа иужь махуэ къэс щыджэгу спектаклхэм щхьэкIэ нигъэзэжауэ щIэщIыгъуэ.

Актерхэр кьыщIалъхури щIэлажьэри щIыхуэхэм я гукъыдэжьыр кьIэтын папщIэщ. Апхуэдэу диАщ Хьэсэн.

САФАРОВЭ Тамарэ,
Музыкэ театрым и режиссер.

ЛУПЫРЁВЭ Иринэ.

Мэрщэнкъуэ Iэдэмрэ Дэбагъуэ Хьэсэнрэ Бонирэ Эдвинрэ я ролхэр ягъэзащIэ (Кальман Имре и «Сильва» опереттэр). 1982 гъэ.

● Прохладнэ куей

Тхылъым и дунейм

Приближнэ станицэм кьыщыхэIуахащ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ папщIэ тхылъхэм я тхьэмахуэ, «ИугъащIэ тхыль еджэ цIыхум» зыфIаща зэхьыхьэм щызэхуэсат тхылъыр зи ныбжьэгъуфI ныбжьыщIэхэр.

ЗэIУЩIэР щIидзэным и пэ кьихуэу, Маяковскэм и цIэр зэрихьэу посёлкэм дэт библиотекэм и лэжьакIуэхэу Сазоновэ Галинэрэ Иваненкэ Иринэрэ ягъэхьэзыра литературэ зэпеуэхэм цIыкIухэр хэтащ. Абы кьыщыхэарагъэпэщат «Литературный континент», «Сказочное ассорти», «Поэзия доброты», «Рыцарский замок и его окрестности», «Детективлэндэ» тхылъ гъэльэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр.

Тхылъым иращIылIа махуэщхуэмкIэ сабийхэм ехъуэхъуащ Приближнэ станицэм и администрацэм и унафэщI Нетребйнэ Маргаритэ, Зэ1УщIэр езыгъэкIуэкIа Ломакэ Тать янэ-рэ Костюченкэ Надеждэрэ цIыкIухэм тхылъхэр ирагъэцIыхуащ, абыхэм яхутепсэльыхьащ, тхакIуэхэм, усакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм, суэтыщIхэм, политикхэм я джежIэ тхылъым мыхьэнэуэ иIам ныбжьыщIэхэр щагъэгъуэщащ. Ломоносов Михаил ар хьэуам хуиугъадэт, Михалюв Сергей кьилъэтэрт ар «дунейм цыкIэхъ лъапIэ хуэгъуэфIыгъуэу», Чехов Антон жиIэрт ар «тхылъымпIэм дамыгъэкIэрэ хьэрфкIэрэ кьыщыгъэлъэгъуа псэуэ».

ЦIыкIуэхэр яфIэгъэщIэгъуэну еплъащ Скляровэ Светланэ игъэхьэзыра слайд-шоум. Экраным зызэрахьуэкIыуэрэ кьихьэрт сурэтыщIхэм я Iэдакъэщ!экIхэр: Коро Жан и лэжьыгъэ «Читающая девушка в красном», Дайнёкэ Александр и «Портрет девушки с книгой», Ренуар Огюст - «Читающая девочка», нэгъуэщIхэри.

Библиотекэм и кьудамэм и унафэщI Щербаковэ Татьянэ цIыкIуэхэм яфIэгъэщIэнуэн хьун куэд яжриIащ. КьыззэрыщIэкIамкIэ, сабий тхакIуэ Маршак Самуил и нэ1э тету кьэхьуахэщ, тхылъеджэхэм Ильин Михаилрэ Ильинэ Еленэу яцIыху эдэлъхуэ1эшыпхьэр. Абы и Iэдакъэ кьыщIэкIащ техникэм теуху рассказхэр, «Сто тысяч почему», «Судьбы вещей», «Четвёртая высота» тхылъхэр. Апхуэдэуи цIыкIухэм къащIащ «Приключения Алисы в Стране Чудес» тарурыхьыр зытхар Оксфорд дэт университетым математикэмкIэ и профессор Доджсон Чарльзу зэрыщыгъуэ, абы и цIэр зэрихьэкIыну Льюис Кэролл зэрыдэIэщIитхар. А тхыгъэр хуабжьу и гум дыхьат Инджылызым и гущIэм икIи Кэролл и тхыгъэхэр кьыIэрагъэхьэну унафэ ищIауэ щытащ. ГуащIэм и жагъуэ хьуат тхакIуэ зэчийфIэм адрей и Iэдакъэщ!экIэр зытеухуар математикэрауэ кьыщIащам.

Къызэхуэса сабийхэр апхуэдэуи щагъэгъуэзащ абыхэм фIыуэ яIаръу тхылъхэр я ныбжьыр зыдынэсым. Мы гъэм Носов Николай и «Трипогия о Незнайке» тхылъхэм я ныбжьыр илъэс 40 ирокъу, Заходер Борис и «Товарищам детям» - 45-рэ, Родари Джанни и «Приключения Чиполлино» - 60, Михалков Сергей и «Дядя Стёпа» - илъэс 75-рэ, Дюма Александр и «Граф Монте-Кристо» - 165-рэ ирокъу.

ЩэнхабзэмкIэ Iэхъуэщ!апIэ Приближнэ дэтым и артист ныбжьыщIэхэм ягъэхьэзыра теплъэгъуэ кIэщI цIыкIухэм кьызэхуэса сабийхэр хэтащ, ягъэджэгуащ. «Улыбка» кьэфакIуэ гупым ягъэзэщIа кьафэхэр псоми я гум дыхьат.

Зэхьхьэм щагъэпажащ тхылъеджэ нэхьафкэр - Бекеев Тимур, Мустафаев Тимур, Тюнюязовэ Гульнарэ, Желяевэ Екатеринэ, Погуляйкэ Ангелинэ, Хьэжмэт Тимур сымэ. «Читатель-кроха» ныхьэм школым идыкIи мыкIуэ цIыкIухэу Самсоновэ Татьянэрэ Халин Даниилрэ кьахэщхьэхукIащ. Абыхэм дипломхэмрэ саугъэтхэмрэ ирагъащ.

Тхылъым и тхьэмахуэ кьызэрагъэпэщам ипкъ иткIэ, щэнхабзэ Iуэхущ!апIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьакIуэхэм ныбжьыщIэхэр хуагъэзэнущ. КьищынэмыщIауэ, тхыдэмрэ усыгъэмрэ теуху сыхьэтхэр ирагъэкIыуэ кIынущ, сурэт щынкIэ, усэ кьеджэнкIэ сабийхэр зэпрагъэуэнущ, литературэ джэгуфэр, зэхьэзэхуэхэр ирагъэкIуэкIынущ.

ЛУПЫРЁВЭ Иринэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

●Футбол

Ильэс щIагъуэ дэкIыркъым Кержаковыр Налшык къыщыхэмыжаныкIыу.

Йованович *(щылъщ)* ирамыдаду хэт жызыIэфынур?

КъикIуэтыну я мурадакъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Зенит» (Санкт-Петербург) - 2:2 (0:1). Мэлыжьыхьым и 5-м. Налшык. «Спартак» стадион. Щ1ыхь 7 500-рэ ельэщ.

Судьяр Лаюшкин, Мосякин (тIури Мэкъуу щыщщ), Воронцов (Ярославль).

«Спартак-Налшык»: Фредриксон, Йованович, Овсиенкэ, Леандру, Джудович, Багаев, Захирович (Гудиев, 77), Бырхъэм (Луканченков, 66), Концедалов, Пилипчик (Куликов, 90+2), Портнягин.

«Зенит»: Малафеев, Лукович, Ломбертс, Алвеш, Анюков, Зырянов (Ионов, 67), Широков, Денисов, Данни, Кержаков (Бухаров, 80), Лазович (Хусти, 87).

Топхэр дагъэкIащ: Кержаков, 8 (0:1). Захирович, 57 (1:1). Лазович, 79 (1:2). Концедалов, 86 (2:2).

Дагъуэ хуащIащ Йованович, Лукович, Кержаковым, Пилипчук, Лазович, Алвеш, Данни, Ломбертс.

Джэгум кьыхахуащ Йованович.

«Спартак-Налшыкымрэ» Санкт-Петербург и «Зенит»-мрэ я зэIущIэр сытым дежи гъэщIэгъуэну, топ куэд щыдагъэкIыу йокIуэкI. Апхуэдэу кьыщIэкIащ мы тхъмахуэм зэхэтари.

А махуэм налшыкдэсхэм я пщэм жэуаплныгъэ тIуащIэ къыдэхуауэ жыпIэ хъунут.

Япэрауэ, гъэ джэгугъуэм хуиубыдэ япэ зэIущIэр я унэм щагъэкIуэкIыпт. ЕтIуанэрауэ, абыхъм къапэщIэтынут къэралым и чемпионыр.

ЗэIущIэр командхэм жыдкэру къыщIадзащ. Япэ дакьикъэхэм щегъэжьауэ хъщIэхэр гупышхуэу ипэкIэ кIуэтащ. Налшыкдэсхэм кьыкIуэтыну я мурадтэкъым, Iэмал къэзрыгъэхуэкIыну контратакэ псынщIэхэр къыдэгъэпщащт. АрщхьэкIэ «Зенит»-р нэхъ ерыщу кьыщIэкIащ. Бэнэ дакьикъэр екIуэкIыу чемпионхэм кьыздэгъэпэщащ егъэгрыкIуэныгъэ псынщIэм хэту Данни кьыIэрыхьа топыр штрафнойм кIэ хитащ. Гъэм пэмыжьыжьу щыт Кержаковым бжыгъэр хиъащ. Цыхьэ щIыкIуэныгъуэ дехьакъым - 0:1.

Санкт-петербургдэсхэр жан кьэхъуат. Дакьикъэ зыбжанэ дIэкIа дэмыкIауэ Кержаковым бжыгъэр игъэбгъэуэну Iэмал иIащ. Александр зэуа топыр Фредриксон Iэщ1экIащ, ауэ гъэм щыдыхьэм Джудович кьригъэзащ.

ХъэщIэхэм бжыгъэр псынщIэу кьызэрызэIуахам налшыкдэсхэм я пIэр щIидакьым икIи зэIущIэр зэрыра_гъэжьам тету я жьыдэрагъэм зыкIи кIэрамыгъэхуу джэгум пащащ. Уеблэмэ «Зенит»-р щытыкIэ гугъуэм зыбжанэрэ ирагъэуващ, ауэ ебгъэрыкIуэныгъэхэм хуэфащэ кIэуэ зыкъомрэ ирагъэфакьым. Хъэрейхэр и гъэсэнхэм кьаз-рыте гушхуэмкIэ мыарэзы «Зенит»-м и тренер нэхъыщхьэ Спаллетти Лучанэ джэгуплI губгъуэм кьеIуэгъэлIауэ жы-дэкъу и щIалэхэм чэнджащхэр яритырт.

ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм и кIэуэ дакьикъэхэм санкт-петербургдэсхэм иджыри зы Iэмал хъарзынэ кьыхукъуэкIат бжыгъэр игъэбгъэгъуэну. АрщхьэкIэ аргуэру Зыряновым и топым Джудович кьригъэгъэзащ.

ЕтIуанэ Iыхьэр налшыкдэсхэм я тепщныгъкIэ щIидэжащ. Ахэр нэхъри ипэкIэ кIуэтэну кьыхураджэрт командэм кьыдэщIыну стадионым екIуэлIа щIыхь мин бжыгъэкэ. Куэд дэмыкIыу ди щIалэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэм хэту Леандру кьыIэрыхьа топыр хъщIэхэм я штрафнойм щрихьэм, гъащIэхъхьэмэхэм кьыстрахащ. Абы хэту Данни иригъэжащ «Зенит»-м и контратакэ псынщIэр. Зэман кIэщIым кьриубыдэу топыр налшыкдэсхэм я штрафнойм ижащ. Гъэм пэгъунэгъуэу щыт Лазович ар дигъэкIыным зымащIэщ иIэжар - Джудович ебгъэрыкIуэныгъэр кьызэпиудащ.

Абдежым щиухакъым хъщIэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр. КъыкIэлыкIуэ дакьикъэм «Спартак-Налшыкым» и гъащIэхъхьэмэхэм къапекIуэкIри, Кержаковым гуэрыкIуэ ЕтIуанэ. ГъащIэхьэуэм топыр Фредриксон щхьэпридзащ, ауэ, кьызэрыщIэкIамкIэ, къаруушхуэ зэхилъхьащ икIи гъэм техуакъым.

Ди щIалэхэм я жэуапым куэдрэ эригъэжьакъым. Гупышхуэ «Зенит»-м и лъэныкъэм щыщIыгъэбыда налшыкдэсхэм хьэщIэхэм я гъащIэхьхьэмэхэм гугъуехь куэд трагъэлъащ. Абыхъм ящыщ зым Портнягиныр щхьэкIэ зэуа топыр зымащIэкIэ гъуэм щхьэпрылъэтащ.

«Спартак-Налшыкым» и футболистхэм зы Iэмал кьыкIуэтэну кьыхураджэрт командэм кьыдэщIыну стадионым екIуэлIа щIыхь мин бжыгъэкэ. Куэд дэмыкIыу ди щIалэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэм хэту Леандру кьыIэрыхьа топыр штрафнойм щрихьэм, гъащIэхъхьэмэхэм кьыстрахащ. Абы хэту Данни иригъэжащ «Зенит»-м и контратакэ псынщIэр. Зэман кIэщIым кьриубыдэу топыр налшыкдэсхэм я штрафнойм ижащ. Гъэм пэгъунэгъуэу щыт Лазович ар дигъэкIыным зымащIэщ иIэжар - Джудович ебгъэрыкIуэныгъэр кьызэпиудащ.

Абдежым щиухакъым хъщIэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр. КъыкIэлыкIуэ дакьикъэм «Спартак-Налшыкым» и гъащIэхьхьэмэхэм къапекIуэкIри, Кержаковым гуэрыкIуэ ЕтIуанэ. ГъащIэхьэуэм топыр штрафнойм щрихьэм, гъащIэхъхьэмэхэм кьыстрахащ. Абы и мыарэзыныгъэр кьыгъэлъагъуэу Лаюшкиным ар кьыщIедауэм, етIуанэ дагъэр хуищIри, джэгум кьыхихуащ.

Нэхъ машIэу кьэна ди щIалэхэм нэхъ мыхъуми бжыгъэр яхъумэн хуейти эрыкомандэ я лъэныкъэмкIэ зыщагъэбыджэат.

Джэгур зэрыхуейм хуэдэу ирагъэкIуэкIыну хуитныыгъэ зыгъуэта «Зенит»-р ебгъэрыкIуэныгъэм хэтыт. ИкIэм-икIэжым, чемпионхэм я ерыщагъэм ехьулIэныгъэ къахуихьащ. ЗэIущIэр ихуэным дакьикъищщI хуэдиз иIэжу Лазович ди гъуащхьэхьумэхэм я щIэщIэкIащ икIи гъэм пэгъунэгъу щыхуэхъуэм Фредриксон пэжыжьэ плIанэпэмкIэ еуащ. Гъуащхьэтетым топыр кьыхуегъэзэжакъым - 1:2.

КIэух бжыгъэм арэзы кьищI хьэщIэхэр иджы я лъэныкъэмкIэ икIуэтыжащ. Абы ебгъэрыкIуэну зи чэзыр налшыкдэсхэрт. АрщхьэкIэ бжыгъэр зыхъумэ «Зенит»-м и щIалэхэр зззэмызззхэ яIэщIэкI мыхъумэ, джэгуплI губгъуэм и кум фIигъэкIыртжкым.

Апхуэдэхэм я щыщ зым гъэм хуэкIуэ Концедаловыр ираудащ. Абы кърикIуа штрафнойр езы Розкин Iуэуу игъэзэщIащ. Метр 30-м нэблагъэкIэ гъэм пжыжьэу ар зэрыхигъэщIар. КьищынэмышIауэ, «Кубань»-м пэщIэтыфакъым Мэкъуу и «Спартак»-ри. Краснодар щызэхэта зэIущIэр 3:1-уэ хэгъэрейхэм я текIуэныгъэкIэ ихуащ. «Анжи»-р Мэхъэчкъалэ 1:0-у щефIэкIащ Къэзан и «Рубин»-м.

Адрейуэ, «Амкар» (Пермь) - «Крылья Советов» (Самарэ), «Локомотив»(Мэкъуу) - «Ростов» (Дон Iус Ростов), ЦСКА (Мэкъуу) - «Краснодар» (Краснодар) зэIущIэхэр бжыгъэ зэхуэдэкIэ, 1:1-уэ,ихуащ. «Тэрэ» (Грозный) - «Томь»(Томск) джэгур щекIуэкIар дыгъуэпшыхьщ.

КъыкIэлыкIуэ зэIущIэр ди щIалэхэм мэлыжьыхьым и 10-м иригъэкIуэкIынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Къэзан щыIущIэнущ щIыхь «Ру-бин»-м.

ЖЫЛАСЭЗамир.

Турнир таблицэ

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Зенит»	**3**	**2**	**1**	**0**	**5-2**	**7**
2. «Волга»	**3**	**2**	**0**	**1**	**5-1**	**6**
3. «Рубин»	**3**	**2**	**0**	**1**	**4-1**	**6**
4. «Кубань»	3	2	0	1	4-3	6
5. «Краснодар»	3	1	2	0	3-1	5
6. «Ростов»	3	1	1	1	6-4	4
7. ЦСКА	2	1	1	0	3-1	4
8. «Локомотив»	3	1	1	1	4-4	4
9. «Спартак-Налшык»	**3**	**1**	**1**	**1**	**3-4**	**4**
10. «Амкар»	3	1	1	1	2-3	4
11. «Анжи»	3	1	1	1	1-2	4
12. «Динамо»	3	1	0	2	5-7	3
13. «Спартак»	3	1	0	2	2-7	3
14. «Крылья Советов»	2	0	1	1	1-2	1
15. «Тэрэ»	**2**	**0**	**0**	**2**	**0-3**	**0**
16. «Томь»	**2**	**0**	**0**	**2**	**0-3**	**0**



«Спартак-Налшыкым» дэщIэхэр уэлбанэми кьэдгъыэркъым. *Сурэтхэр* **КъАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Япэу кьытхудагъэкIами...

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Зенит» (Санкт-Петербург) - 2:1 (2:1). Мэлыжьыхьым и 2-м. Прохладнэ. «Центральнэ» стадион. Щ1ыхь 700 ельащ.

Щ1алэгъуалэ зэпеуэ

Судьяр Рогулев (Мэскуу).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Маляров (Щэуей Алихьан, 89), Кьумыкъу Алим, Ковальский, Щэуей Iэмырхэм (Бещтокъуэ, 90+1), Кьуэныхь, Тебердиев, Чочуев, Абазэ, Болэ (Мырзэ, 70), Митришев (Бэрокьуэ, 82).

«Зенит»: Зайцев, Чеминаев (Манюков, 43), Кистин, Пеньяилило (Васильев, 59), Телегин, Батов (Петров А., 62), Мурихин (Могилевец, 46), Сушкин (Марюк, 71), Петров С., Бочаров (Панфилов, 46), Матяш.

Топхэр дагъэкIащ: Пеньяилило, 7 (0:1). Маляров, 8 (1:1). Маляров, 39 (2:1).

Дагъуэ хуащIащ Сушкиныжрэ Чочуевыжрэ.

КIэбышэ Заур зи тренер нэхъыщхьэ «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэ гупым мыгъэрей зэхьэзэхуэм и япэ текIуэныгъэр щэбэт кIуам Прохладнэ кьалэм щызыIэрагъэхьащ. Абы папщIэ налшыкдэсхэм зыщыIэныгъэшхуэр Iэзагъ инрэ кьагъэлъэгъуэн хуей хъуащ.

Джэгум зэрыщIидзэрэ дакьикьибл дэкIуэу арат хьэщIэхэм бжыгъэр кьыщыIэIуахам. Ди гъуащхьэхьумэхэм я мыкIуэмыгагъыр кьиугъэсэбэпри, Пеньяилило «Зенит»-р япэ иригъэщащ.

Апхуэдэ кьыщIэдзэкIэм хэти и льэр щIигъэхуфынут Арщхьэкlэ налшыкдэс хэр абы нэхъ ерыщыжьи иригъэкIуэну эращ. Икlи кьыкlэлыкIуэ ебгъэрыкIуэныгъэм «Спартак-Налшыкым» бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ. Кьыхэжаныкlар Маляровыщ. Сыхьэт ныкьуэ дэкIри ардыдэм ди щIалэхэм текIуэныгъэр кьахуэзыхьа топыр дигъэкIащ.

Загъэпсэхуу кьихьэжа нэужь льэныкъуитIри ерыщу ебгъэрыкIуэну. Хъэрейхэм хьэщIэхэми бжыгъэм зрагъэхъуэжьыфыну щытащ, арщхьэкIэ ар 2:1-м текIа-кьым. Арати, налшыкдэс ныжьыщIэхэм зэхьэзэхуэм япэ текIуэныгъэр кьыщIахьащ икlи турнир таблицэм и ебгъуанэ увыпIэм нэс дэкIуэтежащ.

Адрей командхэмэи я зэIущIэхэр мэремымрэ щэбэтымрэ зэхэтащ. Абыхъм мыхуэдэ бжыгъэхэр кьарикIуащ: «Амкар» - «Крылья Советов» - 2:1, «Волга» - «Динамо» - 2:2, «Локомотив» - «Ростов» - 2:0, ЦСКА «Красно дар» - 1:0, «Анжи» - «Рубин» - 0:3, «Тэр ч» - «Томь» - 0:1, «Кубань» - «Спартак» - 1:0.

МЭЖКУУ Кьанщобий.

ЗэIущIэ нэужьым

СПАЛЛЕТТИ Лучанэ, *«Зенит»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Ди щыуагъэхэм я зэранкIэ



- ЗэIущIэр ди екъулIэныгъэкIэ иухьфыну щытащ, ауэ щыуагъэ тIэщIэкIахэр ди хьэрэгъэгъуэхэм кьагъэсэбэпащ. Бжыгъэр 1:2-м хуэкIуа нэужь машIэу набдзагубдзалъагъэр тфIэкIуэдащ. Зы контратакэ тIэщIэкIам, Iэзэу агъэзэщIа штрафнойр кьрикIуащ. Нэгъаби хуэдэу, «Спартак-Налшыкыр» командэ зэкъуэтащ, псэемыблэжу губгъуэм щоныкъуакъуэ.

- Уи гъэсэнхэм я хьэрхуэрэгъуэм хуэфэщэн пщIэ хуамыщIауэ пIэрэ?

- Къэуэ. Сэ си щIалэхэр налшыкдэсхэм зэращыгугъэныр ящIэрт. Командэ лъэщхэм я хьэл нэхъыфIхэм ящыщ зыщ и хьэрхуэрэгъуэм пщIэ хуиущIыныр.

- ЗэIущIэм и кIыхьагъкIэ «Зенит»-м дагъуэ куэдыгуэ кьыхуащIауэ кьыщыщыхьурхъэ?

- ЗэпэщIэтныгъэр апхуэдэу гуащIэу щекIуэкIкIэ яэныкъуэхэм деж хабзэри кьызэпыбудын хуей мэхъу.

- «Спартак-Налшыкыр» дауэ кьыпщыхьуа?

- КьызэрысльытэмкIэ, а командэм нэгъабэ зэфIиха лъэныгъэм адэжи пёщэ зэкъуэтщ, кьимыкIуэтщ. Си гуапэщ, нэгъабэрейм хуэдэ екъулIэныгъэ яIэу гъэджэгуьэр и кIэм нагъэсыну, футболист нэхъ лъэщхэм ящыщ зыбжанэ афIэкIуэдами.

- Иужьрей дакьикъэхэм текIуэныгъэр зэрыфIэщIэкIар уи жагъуэ хьуакъэ?

- Чемпионатым и кIыхьагъкIэ кIэух бжыгъэр уэзрыщымыгугъауэ кьыщыщIэкI кьохьу. Сыт хуэдэ щытыкIэми хуэхьэзыру, зыкъэтеIыгъэу ущытын хуейщ. Апхуэдэ кIэух бжыгъэхэм дерс кьыхэхыпхъэщ, армыхъумэ абы дегупсыкуэ зытхуэжьжынукъым.

ЕЩТРЭЧ Владимир, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Дызэлэжьын диIэщ



- ЗэIущIэ хьэпсэ ядгъэкIуэгъэкIащ. ЩIалэхэм ерыщагъэр Iэзагъэр кьэгъэльэгъуащ. 0:1-уи дыкъыхахьэгъащIэуэрэ бжыгъэр зэхуэдэ тщIыжащ. Абы щыгъуэми дынэхъ машIэу щытми. Iэзагъ, щIэхэзакъуэ бэнэныгъэ и лъэныкъэкIэ «Зенит»-р нэхъыфIащ. Ауэ кIэух бжыгъэр дз тхуэфащэт.

- ДяпэкIэ нэхъ тегъэщIауэ фызэдзажьыпхъэхэр кьэфхута?

- Ди лъэныгъэм тегъэщIапIэ хуэтщIынур гупым и кIуэцIкIэ щыдубзыхуащ. Нэгъабэ командэм хэта футболист нэхъыфIхэм ящыщ куэд хэкIыжащ. Зыгъэсэныгъэ зэманыр футболист къэтIыхьхуэурэ дгъэкIуащ. Командэм хэдгъэхьэнухэр кьыщыхэтхар зэхьэзэхуэм щIидзэным махуэ бжыгъэ иIэжущ. Къэтщтахэм иджыри фIыуэ ядэлажьэн хуейщ, псори зэуэ пхузэфIэкIынукъым.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Дэ къытхуатх

Зи IэнатIэм хуэпэжхэр

Цыхуэм япэу зэрехьэуэхьур гъащIэм щынэхъыщхьэ узынщагъэр нIэныр. Ар къэтIасхъэу, зыкъыуигъащIэу щытмэ, щIэгъэкъуэн кьыщухъэхъур, ар зэтгъэзыныгъэр медицинэм и лэжьакIуэхэрэ.

СэРИ абыхэм я Iуэ хутхьэбзэм сыхуеин мэхъу. Куэд щIакъым Зеикъуэ дэт район сымаджэщым сызэрыщIэлъэрэ. Абы и гуп зэкъуэтырщ, зи Iащ1агъэм хуэIэнжь, езыхэр гущIэгъулырэ я гуапагъэр яп ягъ ипу закъыкъуэзыгъаэзэ дэтхэнэми ядэIэпыкъу, зи Iэнатlэр хьэлэлу езыхьэкI лэжьакIуэ емызэщыжьхэрщ си узынщагъэр зэтезыгъэувэжар.

Сыхуейт «Адыгэ псалъэ»-лъэпкъ газетымкIэ щIыхуэхэм яхуэзэфIэкI псомкIи зыщIагъакъуэу зи Iэнатlэр хьэлэлу езыхьэкI медицинэм и лэжьакIуэхэу Хъэмырзэхэ Тверэ (Лерэрэ, Хьэгъыр Эльмирэ, Гъуэкlэл Мадинэ сымэ фIыщIэ яхуэсщIыну, псалъэ гуапэкIэ захуэзгъэзэну: Фи узынщагъэр быдэу, мурадыфIу фиIэр къывзэхъуIэу, фи пщIэр лъагэу, фи Iэщlагъэм и хьэр фльагъуу, беягъэмрэ насыпымрэ фи Iэпэгъэру дунейм гу щыфхуэну си гуапэщ, ноби хуэдэу щIыхуэм фи сэбэп якIыу куэдрэ Тхъэм фигъэпсэу!

МЭЖДЖЫХЬ Сэфарбий.
Зеикъуэ къуажэ.

● КъБР-м и Оперативнэ штабым къет

КъБР-м и Оперативнэ штабым щIыхуэхэм ягу кьегъэкIыж терроризм пэщIэтыныгъэ ягъэува хабзэ щытыкIэр республикэм и Iуащхьэмахуэ, Бахъсэн, Шэрдэж куэлIхэм, апхуэдэуи Налшык кьалэ округым иджыри зэрыщызекIуэр, абы ипкъ иткIэ Iуэхугъуэ хэхаэр, пIалъэкIэ щыIэну мардэхэр, а псори хьыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ щIыхуэм я деж нахьсаугъэ зэрыщытыр.

КъБР-м диверсие-террор Iуэхугъуэхэр щалэжьынымкIэ иджыри шынагъуэ зэрыщIэм, терроризм пыщIа щIэпхъаджагъэхэр кьызэпыудыным теухуауэ КъБР-м и Оперативнэ штабым щIыхуэхэр кьыхуреджэ сакъыну, зэгъэтIылъэкIа хьэпшIэхэр, кьагъауэ Iэмэпсымэхэм ещхьхэм ирихьэлIэмэ, нэхъ набдзэгубдзапIъэу щытыну, апхуэдэуи хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм дэфтэрхэрмэ хьэпшIыпхэмрэ кьыщапщытэкIэ зэхащIыкIыну, зэпIеэзрыту заIыгъыну, хабзэхъуэмэхэм ядэIэпыкъуну, абыхэм я лъэныгъэм лъэпощхьэпо хуэмыхьуну, Штабым и лIыкIуэхэмрэ КТО-м егъэбыдылIа кьару гупхэмрэ жаIэр нэсу ягъэзэщIэну - а псом щIыху гъащIэр елытауэ щытынкIэ зэрыхъунур ящымызупщэну.

Террористхэм зэхащIыхьыну Iуэху гуэрхэр зэрагъэхьэзырым, щIыхуэхэм кьагъауэ Iэмэпсымэхэр, Iэщ1э яIыгъыу кьафIщIэмэ, хьыбарыгъэр зэгъэтIылъэкI имыIэу хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм яIэрыыгъэхьэ.

Фэ кьывбгъэдэкI сыт хуэдэ хьыбарри кьапщытэнущ, абы теухуауэ зыхуей Iуэхугъуэхэр ялэжьынущ, псом япэу хабзэр, щIыхуэхэм я щынагъуэнщагъэр кьызэгъэпэщыным я лъэныкъэкIэ. КъБР-м и Оперативнэ штабым апхуэдэ хьыбархэр къызыбгъэдэкIхэм я щIэр хуэIущIыу ищIынукъым, апхуэдэуи террористхэм зэхащIыхьыну ягъэхьэзыр Iуэхуэхэр кьызэпыудыным, хабзэм къемызэгъыу Iэщ1экIэ зэщIуэзэда гупхэм хэтхэмрэ абыхэм я щIэгъэкъуэнхэмрэ зэхьэзыр сэбэп хьуа, абыкIэ щIыху куэдым я гъащIэр къезыгъэла хьыбар кьэзытахэм фIыщIэ яхуещI.

«Линэ щIтыр» телефонхэр:

- КъБР-м и Оперативнэ штаб - 48-15-10;
- УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм - 48-16-02, 48-15-81;
- КъБР-м щыIэ МВД-м - 40-49-10, 49-50-62;
- УФ-м и МВД-м и Управленэ къыщыхьэжьауэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и «Э» центрым - 42-70-50;
- Урысей Федерацэм и Следственнэ Комитетым Следствэмкlэ и управленэу КъБР-м щыIэм - 77-64-22;
- Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм - 39-99-99.

* * *

Террорым пэщIэтыныкIэ лэжьыгъэр КъБР-м и Iуащхьэмахуэ куейм 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щрагъэжьэкIыну, КъБР-м и хабзэхъуэмэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм кьагъэуващ Iэрыщ1 кьагъауэ Iэмэпсымэ (СВУ) куэд, иэгъэщI Iэмэпсымэхэмкlэ гъэщIа гъэтIылъыпIэ.

Iэщ1агъэлIхэм гъэтIылъыпIэр кьыщапIтыхьым кьыкъуахащ: тротил грамм 400-м щыщIэдзауэ килограммэ 3 хъу льэщагъым нэс СВУ зэмылIэужьыгъуэу 6, тротил шашкэу 2, дэтхэнэри грамм 200 хьууэ, зэрауатIыпщ теплъэ зиIэ Iэмэпсымэу 17, «хаттабка» лIэужьыгъуэм ещхь СВУ-уэ 2, РГД-5, Ф-1 гранатэ лIэужьыгъуэ зырыз, 5,45 мм хьу щэуэ 180-рэ, 7,62 мм - 4.

Эксперт-взрывотехникхэм кьызэралъытэмкIэ, КъБР-м и Iуащхьэмахуэ куейм 2009 - 2010 гъэхэм бандэ гупым хэтхэм террор хьэгъэщагъэхэр щалэжьам апхуэдэ СВУ лIэужьыгъуэхэр кьагъэсэбэпащ.

Кьагъуэта псори КъБР-м щыIэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым ягъэхьащ. Уголовнэ Iуэху кьэIэтыным хопльэ.

Мэлыжьыхьым и 2-м сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 30-м Налшык кьалэ Шэшэн, Неделинэ уэрамхэм я зэхэкIыпIэм деж бандэ гупым ящыщ налшыкдэс Францужан А., 1981 гъэм кьалъхуар, щаубыдым, нужьрейр гранатэ иIыгъыу кьапхуэващ. Хабзэхъуэмэхэм щIэпхьаджащIэр ящкIащ. Цыхьу мамырэми хабзэхъуэмэхэм дей зытехьа яхэткъым.

Ар кьыщIыхуа щIыпIэр кьыщапIтыхьым зауэ бгырыпх кьагъуэтащ илъхьэпитI иIэу, абыхъм я зым Ф-1 гранатэ, запал щIыгъуу илъащ. Ахэр КъБР-м щыIэ МВД-м и ЭКЦ-м ягъэхьащ. Уголовнэ Iуэху кьэIэтыным хопльэ.

Тутнакъэщым щызэхуэзэжынкIи мэхъу

Гашни куэду ищу щэч зыхуащI налшыкдэс цыхуэбзыр илъэс тIощкIэ ягъэтIысынкIэ хъунущ.

КъЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭР щрагъэкIуэкIым, наркополицейскэм цыхубзым щыгу гашни грамм 75,36-рэ кьыгъахащ. КьыщIэмыщIащ, ауэ, арэзыгъэ грамм 24-рэ, ипкIэ щхьэхуэфащэ кьыгъахащ. Ар щыIэ ягъэкIуэкIри илъэсищ 7-кIэ зэрэтIысащ. Зэанэзэпхър а тутнакъэщым щызэхуэзэжынкIи хъунущ. ЗэкIэ уголовнэ Iуэху кьэIэтыным хопльэ.

СУАПОВЭ Залинэ.

Хъыбар гуэр фщIэмэ!



2008 гъэм гъатхэм и 21-м ужым щIэкIри кьыгъэжьакъым **Емкъуэ Марьян Хьисэ и пхъум.** Ар 1977 гъэм Кьулькъужьи Ищхъэрэ кьуажэм щащIалъхуащ.

И тепльэр: см 165-рэ и льагагъщ, нэкIу кIыхьщ, и щхьэщыр фIыщIэщ кIыхьу, нэ фIыщIэщ, и вакъэм и инагъыр 36-щ.

Гу зылытапхъэр: и плIэ сэмэгум и гупэмкIэ ягъэшхуэ хэсщ.

Емкъуэ Марьянэ Iэхьеп и пхъум и хэщIапIэм щыгъуазэ щыIэмэ и Iыхьлыхэм хьыбар евгъэщIэну кьывольэIу мы телефонхэмкIэ: **8903-493-93-20,8967-421-30-26 е 8909-489-70-71.**

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жьэкlэмыкъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIыщIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щапхьэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхугъащ1ащIэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэщIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхугъащ1ащIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щыпымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм льагъэхъэм и 16-м
№П-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжьыуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эдуард, редактору Ширдий Маринэ, корректорэхэр Щоджэн Инэ*(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, корректорэм я дэIыкьуэгъэ Цалий Марьят. *КомпьютеркIэ гаетым и тепльэр ищIащ* Мэзбахьуэ Анжелэ.*Сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанпэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 9.233 ●Заказ №871